



Pou Piblikasyon Imedya: 10/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÓ POU ANPECHE PWOPAGASYON ESPÈS ANVAYISAN AKWATIK NAN ADIRONDACKS

53 Gwoup Konsèvasyon, Asosyasyon Pwopriyetè, Gouvènman Lokal ak Eta siyen yon akò pou Prezève Dlo Pwòp, Ogmante opòtinite Lwazi ak Ankouraje Touris

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon [akò](#) san parèy pami 53 Ajans nan Eta New York, gouvènman minisipal, pwopriyetè kay, asosyasyon lak, gwoup konsèvasyon, gwoup espò ak biznis yo pou anpeche entwodiksyon ak pwopagasyon espès anvayisan akwatik nan rejyon Adirondack. Akò a pral ede prezève dlo pwòp, ogmante opòtinite lwazi ak pwomote touris nan pati nò New York.

“Anplis ke li se youn nan pi bèl trezò natirèl Eta, Adirondacks se yon gwo byen ekonomik pou kominote yo toupatou nan Nò New York, e jodia nap pran yon pozisyon enpòtan pou pwoteje rejyon an kont menas espès anvayisan akwatik yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Anpeche pwopagasyon espès anvayisan sa yo esansyèl pou sovgade dlo Adirondack yo alafwa jodia ak nan lavni, e sa pral asire ke vizitè yo ka kontinye eksperimante bote natirèl Park la. Travay ansanm avèk yon douzèn kolaboratè, nou pral ede pwoteje rejyon an pou ane kap vini yo.”

Yon etid resan ki te fèt pa Pwogram Adirondack Park Invasive Plant te jwenn ke si yo kite espès anvayisan yo pwopaje, yo ka koute ekonomi Adirondack jiska \$900 milyon dola. Sa a gen ladan pèt anyèl nan depans vizitè, ak agrikilti e prensipalman valè pwodiksyon forè ansanm avèk pèt nan valè pwopriyete ki pral afekte baz taks ak kapasite prè pou pwopriyetè kay yo sou yon baz kontinyèl.

Pou anpeche sa a, 53 pati yo te angaje pou travay ansanm pou devlope yon nouvo pwogram pilòt prevansyon espas anvayisan akwatik yo nan tout rejyon an pou anpeche nan fason ki dinamik entwodiksyon ak pwopagasyon espès anvayisan akwatik nan dlo Adirondack yo. Pwogram lan pral gen ladan gouvènans, koleksyon done, edikasyon, enspeksyon bato e lè li nesèsè dekontaminasyon bato ak trelè yo. Lòt antite yo ka siyen nan akò a pou l ale delavan.

Nan Ajanda Opòtinite 2015 li a, Gouvènè Cuomo te anonse inisyativ Pwoteje Peyizaj ak Kominote Pwospè pou ankouraje ekonomi touris nan Adirondack, konsève

Prezèvasyon Forè a epi ede kominote yo pwospere. Yon konpozan esansyèl nan inisyativ sa se pou anpeche pwopagasyon espès anvayisan yo. Pou sipòte efò sa a, Gouvènè a te pwopoze yon ogmantasyon \$1 milyon dola pou ogmante Fon Pwoteksyon Anviwonman nan pwochen ane fiskal pou konbat pwopagasyon espès anvayisan yo.

Akò ki te anonse jodia sipòte netwayaj, drenaj ak estanda sèk pou tout bato yo kap antre ak soti nan rejyon an ak nan dlo li yo. Daprè akò a, yon enspeksyon bato ak trelè rejyonal ak pwogram dekontaminasyon planifye pou ane 2015 ki pral bati sou efò reyisi ki te antreprann nan lak Georges ak nan lòt lak yo nan rejyon an.

Komisyonè DEC Joe Martens te deklare, “Dlo pwòp sipòte ekosistèm ki sen yo enpòtan pou pechè, moun kap pran plezi nan bato, najè ak lòt amatè lwazi yo kap vizite Adirondacks, ansanm avèk rezidan yo ki gen biznis ki depann sou vizitè sila yo. Kantite ak varyete òganizasyon kap siyen nan akò sa demontre menas grav espès anvayisan akwatik yo poze sou ekoloji ak sante ekonomik rejyon Adirondack ak volonte inivèsèl pou pwoteje kalite dlo, revni touris ak valè kay nan rejyon an.”

Senatè Betty Little te deklare, “Pwen fò akò sa se pou kenbe espès anvayisan akwatik yo andeyo park Adirondack yo ou ka jwenn nan divèsite anpil gwoup ki te fè li vini yon priyorite. Dlo lak nou yo, rivyè ak sous dlo gen konsekans sou lavi tout moun ki abite nan epi vizite Adirondack Park. Prezève dlo pwòp lè nou anpeche pwopogasyon espès anvayisan yo pral ekonomize plizyè milyon dola ak benefisye ekonomi ak anviwonman pou anpil, anpil ane. Bravo pou Gouvènè Cuomo, Komisyonè Martens ak tout lòt entèvenan lokal yo dèske yo te kolabore osi byen.”

William G. Farber, Prezidan Komisyon Sipèvizyè Konte Hamilton, te deklare, “Pwotokòl akò sa se yon lòt gwo egzanp sou fason Adirondack Park, te evlolye nan yon lòt nivo koperasyon, nan pi bon moman nan tan. Kòm li vini nòmal anba lidèchip Gouvènè Cuomo, yon pwosesis debaz òganik idantifye pwoblèm nan, ak solisyon, epi ansanm avèk ajans yo nan Eta pran mezi pou ede. Mwen felisite Gouvènè a ansanm avèk Komisyonè Martens, pou èd ak lidèchip yo.”

Brian Towers, prezidan Asosyasyon Vil ak Vilaj Adirondack, te deklare, “Dlo orijinal Adirondacks yo se yon trezò nasyonal ki te andanje pa pwopagasyon espès anvayisan yo ki menase eleman esansyèl kominote mòn nou yo. Asosyasyon Vil ak Vilaj Adirondack aplodi Gouvènè a pou vizyon l ak sipò yon pwogram prevansyon ki pral kontwòle ak dekontamine bato yo ki pote menas sa pandan yap vwayaje de yon dlo a yon lòt nan tout park la. Pwogram volontè sa a elimine yon apwòch règlemantasyon pou dirije amatè bato yo pandan lap adrese bezwen pou edikasyon ak prevansyon, sa ki se yon apwòch tout amatè bato yo dwe adopte.”

Direktè Egzekitif Konsèy Revizyon Gouvènman Lokal Adirondack Park Fred Monroe te deklare, “Gouvènman lokal Adirondack apresye lidèchip Gouvènè Cuomo lè li pwopoze \$1 milyon nan bidjè li pou enfrastrikti ak bezwen pèsonèl pou anpeche entwodiksyon ak pwopagasyon espès anvayisan akwatik yo, sa ki poze yon menas grav pou ekoloji a ak sante ekonomik rejyon Adirondack. Konsèy Revizyon an rekonèt tou epi remèsye divès

kowalisyon entèvenan, ki te patnè ak investisè nan batay kont espès anvayisan akwatik yo, e ki te apwouve Memorandòm Konpreyansyon an ki angaje pou pwoteje vas resous dlo nan Adirondack Park.”

Direktè Egzekitif ak Konseye Adirondack Mountain Club Neil F. Woodworth te deklare, “Akò enpòtan sa a ant yon laj varyete entèvenan nan Adirondacks montre angajman gouvènman lokal ak eta, ak anpil asosyasyon ak non-pwofi yo ki vrèman sousye pou bèl Park Adirondack nou an. Adirondack Mountain Club ap rete tann pou l kontinye efò gouvènans nou avèk anpil manm ki angaje ak kanotye yo pou atenn objektif akò esansyèl sa pou anpeche pwopagasyon espès anvayisan akwatik yo nan etan, lak, sous dlo, rivyè nan Park.”

Direktè Adjwen Konsèy Adirondack Diane Fish te deklare, “Espès anvayisan yo poze yon menas inivèsèl pou twal ekolojik, ekonomik ak sosyal nan Adirondack Park. Nouvo akò sa pral sèvi kòm yon plan pou yon nouvo strateji koonba ki kowòdone pou batay ak anpeche espès anvayisan nan lak ak rivyè yo nan Adirondack Park. Pwopozisyon Gouvènè a pou ogmante finansman pou espès anvayisan yo nan \$1 milyon nan plan bidjè 2015-16 li a ak devlope yon strateji espès anvayisan Adirondack ki pral bay nouvo opòtinite pou devlope pwogram prevansyon ak eradikasyon ki pral sèvi kòm yon modèl pou eta ak peyi a.”

Majistra Vilaj Lake George ak Prezidan Komite S.A.V.E Robert Blais te deklare, “Nou kontan anpil yon fwa ankò pou wè sipò Gouvènè Cuomo te pote nan konba nou kont pwopagasyon espès anvayisan akwatik yo nan rejyon Region. 3,000 lak ak etan nou yo 30,000 kilomèt rivyè ak sous dlo se byen ki pi valab nan rejyon nou an. Itilize premye siksè nou nan Lak George kòm yon modèl e lidèchip Gouvènè a ansanm avèk S.A.V.E. kap kontinye. Gwoup yo ap rete tann pou yo travay avèk tout vwazen nou yo nan Adirondacks.”

Eric Siy, Direktè Egzekitif FUND pou Lake George ak fondatè S.A.V.E. Manm Lak George te deklare, “Gravite istorik san parèy menas sa poze pa envazyon ak rezolisyon ki nesèsè pou anpeche yo wine dlo presye nou yo. Se yon temwayaj sou sa ki dwe fèt pou nou ka pote viktwa, lidèchip nan tout nivo ak nan tout sektè yo. Menm jan Gouvènè Cuomo te dirije wout la nan fè pwogram Lake George la vini yon modèl nasyonal enpòtan, lidèchip fonsè li kounye a nan kreye yon pwogram prevansyon pou tout Adirondack Park pral rete kòm yon eritaj enpòtan kote pwochen jenerasyon yo pral siman rekonesan.”

Tom Williams, Prezidan Asosyasyon Pwopriyetè Teren Adirondack te deklare, “Bon jan Kalite Dlo se yon kle pou wòl enpòtan ke touris ak rekreyasyon anplennè jwe nan kominote yo toupatou nan Adirondack Park. Enpòtans ekonomik ak anviwonmatal dlo sila yo merite pi bon efò nou pou ede anpeche pwopaasyon espès anvayisan akwatik yo.”

Ed Griesmer, Direktè Egzekitif Adirondack Lakes Alliance, te deklare, “Adirondack Lakes Alliance, reprezante enterè asosyasyon lak yo nan tout rejyon Adirondack la,

konplimante Gouvènè Cuomo dèske li te enpleman yon plan stratejik ki vize pou frennen entwodiksyon pwopagasyon espès anvayisan yo nan preske 3,000 lak, sous dlo ak etan nan Adirondack Park. Plan kolaoratif sa ki te devlope pa Depatman Konsèvasyon Anviwonman eta ak yon gwoup kowalisyon entèvenan ki enkli asosyasyon lak yo, gouvènman minisipal, ajans eta, ak gwoup konsèvasyon yo pral gen yon gwo enpak sou pwoblèm ekonomik, anviwonmantal ak ekolojik ke lak ak kominote nou yo ap konfwonte. Asosyasyon Lak yo pandan anpil ane te angaje plizyè milye èdtan volontè ak sipò finansye konsiderab, kòm yap travay antanke sekouris nan adrese pwoblèm espès anvayisan yo. Angajamn sa a pral bay asosyasyon lak yo asistans adisyonèl pandan yap kontinye misyon prensipal yo pou pwoteje ak prezève lak nou yo pou tout moun pwofite.”

Dr. Eric Holmlund, Dwayen pa Entèrim nan Kolèj Paul Smith te deklare, “Paul Smith’s College’s Adirondack Watershed Institute aplodi inisyativ istorik Gouvènè Cuomo pou pwoteje dlo yo nan rejyon Adirondack kont espès anvayisan yo. Pwogram Prevansyon Park AIS Adirondack bay park la yon seri zouti san parèy pou konbat yon menas ki ini kominote park yo. Espès anvayisan yo pa respekte ni vil, konte oswa fwontyè komin, e kidonk nou bezwen yon solisyon ki baze sou lasyans sa ki transande divizyon rejyonal yo.”

Siyatè yo ki konfime nan akò a se:

New York State Department of Environmental Conservation

Adirondack Park Agency

Town of Bolton

Town of Chester

Town of Horicon

Upper Hudson Recreational Hub Towns

- Town of North Hudson
- Town of Newcomb
- Town of Minerva
- Town of Indian Lake
- Town of Long Lake

Adirondack Association of Towns and Villages

Adirondack Council

Adirondack Lakes Alliance

Adirondack Landowners Association

Adirondack Mountain Club

Adirondack Park Local Government Review Board

Adirondack Regional Chamber of Commerce

Adirondack Park Invasive Plant Program

Adirondack Wild: Friends of the Forest Preserve

Ausable River Association

Central Adirondack Partnership for the 21st Century (CAP-21)

Chateaugay Lake Foundation

Essex County Soil and Water Conservation District

East Shore Schroon Lake Association

Friends of Long Pond Association
Fund for Lake George
Hamilton County Board of Supervisors
Hamilton County Soil and Water Conservation District
Indian Lake Association
Lake Champlain Basin Program
Lake Colby Association
Lake George Association
Lake George Land Conservancy
Lake George Park Commission
Lake Pleasant Sacandaga Association
Lewis County
Long Lake Association
Loon Lake Park District Association
The Nature Conservancy
North Country Chamber of Commerce
Okara Lakes Association in Thendara
Osgood Pond Association
Paul Smith's College
Paradox Lake Association
Piseco Lake Association
Protect the Adirondacks
Raquette Lake Association
Schroon Lake Association
Upper Saranac Lake Association
Village of Lake George
Warren County Invasive Species Committee
Warren County Soil and Water Conservation District
Wildlife Conservation Society

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418